Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 47 (9785) / 22 октябрь 2018 с. / итни 13 Сафар 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## На совещании у главы района...



16 октября глава района Гаджимурад Мусаев провел совещание по вопросу проведения государственной кадастровой оценки объектов недвижимости на территории муниципалитета.

**«Перед нами поставлена непростая задача, но нам необходимо ее выполнить. Тот, кто не готов работать на выполнение задач руководства республики, должен честно сказать об этом и оставить должность»**, - подчеркнул глава района, открывая совещание.

Заместитель главы Зикрула Эмеев, курирующий данное направление, обозначил 1 ноября конечным сроком представления деклараций. Руководители органов местного самоуправления были предупреждены о персональной ответственности за результаты работы по государственной кадастровой оценке. Он отметил необходимость мобилизовать весь персонал администрации района и администраций сельских поселений, с привлечением к работе депутатского корпуса, а также руководителей подведомственных организаций и учреждений, общественников и активистов.

Кроме того, 17 октября в районе начнет работать группа специалистов по инвентаризации земель скотопрогонного



назначения. Для этого будут задействованы самые современные средства. Качественная аэрофотосъемка позволит досконально изучить ситуацию на местах, выявить незаконные стройки и уже возведенные объекты, а также оценить эффективность и целевое использование скотопрогонных участков. Всего на территории района имеется 79 участков общей площадью 2 996 га скотопрогонных земель. Гаджимурад Мусаев поручил главам поселений обеспечить полное взаимодействие с инспекторами, проводящими инвентаризацию, и быть готовыми ответить на возникающие у приезжих специалистов вопросы.

Директор филиала ГБКУ «Дагтехкадастр» Казинпаша Салимханов обозначил главной целью государственной кадастровой оценки - определение справедливой кадастровой стоимости объектов и земель, что повлечет за собой корректировку налогов на недвижимость. Созданная по поручению главы района рабочая группа будет проводить ежедневный мониторинг количества поданных деклараций в разрезе сельских поселений. В состав группы включены начальники и специалисты ключевых отделов администрации района и главы сельских поселений. Руководить работой группы поручено Зикруле Эмееву. Глава района отметил, что справедливая кадастровая оценка проводится в интересах жителей, ведь без деклараций сумма налога на имущество, даже за старую постройку, будет установлена, исходя из средней стоимости. Завершая обсуждение, Мусаев поручил организовать проведение совещаний в администрациях сельских поселений, где специалисты районной администрации дадут разъяснения по всем имеющимся вопросам, связанным с заполнением деклараций.

Во избежание осложнений в работе, начальник имущественного отдела Мансур Эмеев призвал не допускать сокращений в написании имен и фамилий. **«Кроме того, при оформлении деклараций на строения без «зеленки» просто не указывают кадастровый номер. А земельные участки имеют кадастровый номер, независимо от наличия прав собственника»**, - пояснил он.

**«Всем должно быть понятно, что конечным результатом работы будет прибавление налогов на имущество, которые полностью остаются на нужды муниципалитетов. Эти средства позволят нам решить множество вопросов по благоустройству поселений и муниципальных образовательных учреждений»**, - сказал Мусаев.

На совещании также обсудили динамику показателей по сбору налогов. По информации начальника отдела экономики, прогнозирования и по оргвопросам администрации МР Даци Сайдулаева, по итогам 9 месяцев текущего года, общий показатель выполнения плана составил 103%, но по сбору налога на имущества в ряде поселений имеется отставание от графика.

Специалисты вверенного Сайдулаеву отдела проводят постоянный мониторинг поступлений в бюджет. Они отмечают хорошо поставленную работу в администрациях поселка Дубки, селений Гуни, Алмак, Калининаул и Дылым. До конца года ожидается поступление в бюджет 2 млн. 41 тыс. 737 рублей , при том, что на сегодняшний день уже поступил 1 млн. 348 тыс. рублей. Глава района обратил внимание глав поселений на то, что при рассмотрении их бюджетных заявок показатели эффективности работы администраций сельских поселений по сбору налогов будут иметь решающее значение.

В ходе совещания, собравшиеся рассмотрели также вопросы о готовности к проведению выборов главы сельского поселения **«село Гертма»** и о размещении информации о результатах рассмотрения обращений граждан, а также о мерах, принятых по обращениям в администрациях поселений района на информационном портале ССТУ.РФ.

## ХIажалъаби лъазаризе цIаралда...

*Нусго нухалъ рагIаралдаса цо нухалъ бихьараб-лъикIаб.*
*(Халкъияб аби).*



Дагьал церегIан къояз районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев ва гьесул заместитель И.И. Шабазов щвана М.М. ГIазаевасул спортшколалдегун «РелъедакунчI» лъималазул ахалде. Гьел дандчIвана рехсарал учреждениябазе нухмалъулелгун ва хIалтIухъабигун. ДандчIваял тIоритIана гьел учреждениябазе гIолел-гIоларел рахъазул халгьаби мурадалда.



ДандчIваязда ХI. Мусаевас абуна: **«Лъайгун тарбия кьеялъул учреждениябазе нухмалъулез хадусеб бюджеталъулаб соналде хIадуризе ккола цере чIарал масъалаби бетIералде рахъинариялъе заявкаби. Гьезда рехсарал ва тIурачIого бегьуларел суалазда сверухъ хIалтIи гьабизе мурадалда,ниж щвезе руго районалъул киналниги тIадехун рехсарал учреждениябазде.ТIоцебесеб иргаялда тIуразе кколел суалал нухда хутIунгутIиялда тIад ниж хIалтIизеги руго,»**-ян.

*ПРЕССЛУЖБА.*

## Ярмарка тIобитIана



13 октябралда Дилим росулъ тIобитIана росдал магIишаталъул хIалтIухъабазул Къоялъул х1урматалда ярмарка. Гьеб тадбиралда гIахьаллъана СПКял, МУПал, ГУПал, КФХял ва цогидалги маг1ишатиял бут1абазул вакилзаби.

Районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас росдал магIишаталъул хIалтIухъабазда баркана профессионалияб байрам. ЗахIматалъулъ тIокIлъи бихьизабурал хIалтIухъаби гьенир кIодо гьаруна райадминистрациялъул ва росдал магIишаталъул Управлениялъул ХIурматалъул грамотабаздалъун.

Гьениб бичулеб букIана-хIайваналъул, гIиялъажоялъул, гIанкIил ва гIанкIудал гьан, рахьдал нигIматал, могьолал культураби, овощал ва фруктал.

*И. ИДРИСОВ.*

Г1агараб газеталъул божарал гъудулзаби,

*Ишахиса лъим*

# Гьоболлъухъ щвана



I2 октябралда Ишахи участокалдаса лъим бачунел хIалтIухъабахъе гьоболлъухъ щвана,жамгIияв хIаракатчи Сайханов Айтемирил бетIерлъиялда, Алмахъ росдал жамагIаталъул вакилзаби ва МахIачхъалаялдаса, лъим бачунелъур дандчIвалел цо-цо захIмалъаби рукIалиде ккезаризе рес бугел, жавабиял хIалтIухъабигун махщелчагIи.



Гьез хал гьабуна гьениб гьабураб хIалтIул,бицана хадусан гьабизе бугелъулги. Гьединго, бицен гьабуна гIагарал къояз рогIрал заказ гьариялда ва гьел къокъаб заманалда районалде рачIинариялда тIад хIалтIизе рукIиналъул.

ДандчIваялъул ахиралда гьалбаз абуна: **«Ниж хIадурал руго лъим бачиналъул кампаниялъулъ гIахьаллъизе ва хIажатаб кумек гьабизе»**,-ян.

*ПРЕССЛУЖБА.*

# Харабазулгун дандч1вай

*КIудиязул сонал сан гьарейила,*
*Мунги херлъараб мех бачIунебила.*
**(Мах1муд - Апанди)**



Херав чи. Херай чIужу… Гьеб кIиябго рагIиялъулъ рихьула хераз нахъ тараб нухалъул халалъи, раччарал захIмалъаби. Гьел рукIана унго-унгоял захIматчагIилъун. Гьезул захIматалъ бечед гьаруна колхозалгун совхозал. Гьел рукIана ва рукIине руго нилъее мисаллъунги чIухIилъунги. Жакъа, мустахIикъаб хIалхьиялда ругел харабигун дандчIвараб мехалъ, бокьула гьезухъ гIенеккизе, гьезул жеги цIикIкIун хIурмат гьабизе. Гьединаб, рекIее асар гьабулеблъун букIана 4 октябралда Хубар росдал культураялъул Рукъоб тIобитIараб харабазул Къо кIодо гьабиялъул данделъиги. Гьенире гIахьаллъана – ЦТКНРалъул, Гертма росдал культураялъул Рукъалъул хIалтIухъаби ва бак1алъул хараби.

Харабазда байрам баркун кIалъазе рахъана- районалъул культураялъул Централъул директор Зумрут МухIамадова, райСобраниялъул депутат ГIабдулгIазиз Такуев, захIматалъул ветеранал: ХIажимурад Ражабов, М-расул ЛабазанхIажиев, Ирайгьанат Давудова ва цогидалги.

Харабазе жидерго кучIдул сайгъат гьаруна - Тайбика Зираловалъ, Марьям ГIабдусаламовалъ,Хадижат МухIамадовалъ ва ПатIимат НурахIмаевалъ. Театралиял сценкаби рихьизаруна- ГIабдула ГIабдусаламовас ва Багьавдин Дадаевас.

Данделъи бачана Сакинат ГIабдуразакъовалъ.

*Марьям ГIАБДУСАЛАМОВА, Хубар росу.*

# Хал гьабуна



Абизе кIола нилъер район тIабигIаталъул рахъалъ цIакъ бечедаб бакIлъун кколин ва гьелъул берцинлъиялъ туризмалъул батIи-батIиял къагIидаби гьанир церетIезариялъе рес кьезе бегьулин.

Гьелда хурхун, 12 октябралда нилъер районалде щвана-Дагъистаналъул туризмгун гIадатаб сахлъи цебетIезабиялъул комплексалъул Управлениялъул начальникасул заместитель Ш. Мурилов, ралагьиялъулгун хвасар гьариялъул Управлениялъул начальникасул заместитель З. НикомухIамадов, «Инвестиционнияб союз» КБялъул директорзабазул Советалъул председатель Е. Козорезов ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.

Гьез хал гьабуна нилъер районалда туризмалъул маршрутал лъезе бегьулел тIабигIияl памятникал ругел бакIазул.

*М.-апанди ДАДАЕВ, Дилим росу.*

*Инсан ва гIумру*

# Рази руго



**«Буртабазул гIолилал»** къокъаялъ байбихьана **«ГIачиязул лъар»** абулеб участокалде унеб нухабе чабах базе.

Сутаев Рамазаницаги, Юнусов ГIисацаги, ГIалисултанов ГIабдурахIманицаги (жидерго техникаялъ) гьенибе баччана 40 машина мичилалъул, Байбулатов Юсупицаги (Усуба) , Жамбулатов Жамбулатицаги (ХIан аци), Мусаев МухIамадицаги, Юсупов ГIисацаги гьелде тIаде 50 «Камаз» машина чабахги бана.

Гьеб х1алт1и гьабиялъе гIарцудалъун кумек гьабуна Буртунай росдал имам, **«Буртабазул гIолилал»** къокъаялъе нухмалъулев Рамазан Къасумовас ва спонсор Ислам Хъиргъуевас.

Росдал администрация ва буртабазул жамагIат гIолилаз гьабулеб гьеб хIалтIуда цIакъ рази руго. Г1олилаз планалде босун буго росдал цоги участоказде унел нухалги къачIазе.

# Универсал - ГIиса



Гьедин абула росуцояз Буртунай росулъа Юнусов Тимирасул вас ГIисаде. Ахирияl соназ гIемераб хIалтIи гьабуна буртабазул г1олилаз росдал гьумер берцин гьабиялда, нухал къачIаялда, лъим чIезабиялда тIад. Гьелъул хIакъалъулъ цо чанго нухалда **«Чапар»** газеталда хъванги букIана.

РакIчIун абизе кIола, киналниги гьарулел хIалтIабалъ ГIиса камураб заман ва гьес хIалтIизабичIеб техника букIинчIин. ГIисаца хIалтIизарула-бульдозер, экскаватор ва **«Камаз»** автомашина. Пемер букIуна гьел гьес цадахъ хIалтIизарулеб заманги. Гьедин букIиналъ росуцояз гьесда **«Универсал-ГIиса»**,-ян абула.

*Камиль АБУБАКАРОВ, Буртунай росу.*

*Ниж- терроризмалде данде*

# Кидадай бич1ч1ина терроризм расанди гуреблъи?




Ахирияб заманалда экстремизмалъулгун терроризмалъул бицунел данделъаби улкаялдаго гIемер тIоритIулел руго. Гьенир рорхулел суалал рукIуна лъимал наркотиказде ругьунлъизе риччангутIиялъул, терроризмалъул бугеб зарал гьезда бичIчIинабиялъул, гьединал ишаздаса лъимал цIунизе ккани, гьаризе кколел хIалтIабазул.

Нилъеда киданиги кIочене бегьуларо Буйнахъскиялда, Каспийскиялда, Бесланалда ва гIемерал цогидалги бак1азда такъсирчагIазул квердасан хварал гIадамазул, хасго гIисинал лъимал. ТакъсирчагIаз киданиги сахлъуларел ругънал лъуна гьел лъугьа-бахъиназда г1умруялдаса рат1алъаразул улбузул ракIазда. Гьез бидулал лъалкIал тана ракьалда. Гьаб заманалда бищунго захIматаб жо буго, захIматго гурони, щибниги хисизабизе кIолеб гьечIолъи, мекъаб нухдасан унел кантIизаризе бажарунгутIи. Такъсирчиясул букIунаро миллат, мацI, ВатIан.

Гьесда лъаларо инсанасул гIумруялъул багьа, гьеб щияв чиясе цо нухалда кьураб букIин. Такъсирчиясул мурадлъун букIуна пачалихъалъул щулалъи биххизаби, гIадамазул гIумруялъулги дунялалъулги берцинлъи хвезаби. Эбелалъ жиндир лъимер киданиги квешал ишазе куцуларо, такъсирчилъун гьавуларо.Гьавич1они щиб, гьедигIан эбел-инсуе хирияб лъимералъ тIаса бищулеб бугелъул мекъаб нух. Щай, керен кьун, макъу т1ун, жиб гIезабураб лъимералъ гIодизаулей эбел, лъукъулеб гьелъул ракI?

ГIемерисеб хъизабазда лъималаз гьабулебги букIуна рукъалъул хIалтIи. Балагьулеб букIуна битIараб гIумрудул нух. Амма цо-цоязин абуни, кинабго гьабула гьелъул гIаксалда. Цо щиб букIаниги мекъаб иш лъимералъ гьабуни, яги бицаралде г1инт1амулеб гьечIони, эбел-инсуца гьелда абула: **«Дица мун чIвазе, хъвезе буго»**,-ян.

Гьединал хIинкъабазги батизе бегьула, лъималазул рекIелъ бижулеб гьездехунисеб рокьукълъи. ГIамал гьабулеб батула къватIибехун нух босизе, квешаб гьабулезулгун бухьен ккезе. Гьединал мисалал нилъеда рихьула телевизоралдасан, Интернеталдасан, хъван рукIуна газеталгун журналазда. Гьелъ, гIемерисел гIолилаз тIаса бищула квешаб рахъ, лъикIаб рахъ добегIанги цун тола. Цо гьорлъе ккаралдаса гьел гьениса рахъизеги кIоларо.

Нилъее балъголъи гуро, школалдаса рукъоре рачIунаго, лъимал цоцазда портфелалги кьабулаго, гьай - гьуялда рукIунеллъи. Гьеб кибго, кидаго букIараб, гьанжеялдаса букIинеги бугеб, хисизабизе кIолареб г1анч1аб лъимерлъи буго. Лъимал руго лъимал, жидецаго гьабулебщинаб гьезие буго расанди. Гьеб расанди лъикIаб рахъалде сверизабизе гьунар гIезе ккола чIахIиязул. Цоги, гьаниб бицен гьабичIого гIоларо цо дидаго бихьаралъулги.

Цо рукъалда нахъа дагIбадулел лъималазде тIаде ккана дун. Гьенив вугоан 6-7 сон барав гIадинав лъабго вас. Цоясул кодоб букIана **«таманча»**, цогиясухъ - **«автомат»**. Дагьав гьитIинав, гIодов вегун вукIарасде жидерго **«ярагъги»** битIизабун, кIиясго абулеб букIана: **«ТIаде вахъингун речIизе буго! Бице дуца гIарац бахчараб бакI. БицинчIони чIвазе вуго»**, -ян. Дун гьезде семана, хехго рукъоре айин абуна.

**«Ада, ниж расанди хIалел руго»**,- ян жавабги гьабун гьел нахъе ана. Гьеб расанди букIине бегьула лъималазда телевизоралдасан бихьулеб чIвай-хъвей, рукъзал кьвагьизари гIадинал лъугьа-бахъинал.

Гьеб сураталъ дун пикрабалъе ккезаюна. РакIалде ккана: **«Кинабдай букIина гьел лъималазул гIумру? Щиб махщалилаллъундай гьел рахьина? Кидадай гьезда лъала терроризм расанди гуреблъи?»**-ян.

*ХI. КАРИМОВА.*

*Инсан ва г1умру*

# Рак1унтун гьабуни,..



Ахириял соназ Калининаул росдал администрациялъ кIудияб кIвар кьолеб буго гIадамазул рукIа-рахъин лъикIлъизабиялде, росдал гьумер берцин гьабиялде ва рац1цIа- ракъалъи ч1езабиялде.

Гьенир гьарулел лъикIал хIалтIабазул хIакъалъулъ хъварал макъалаби нужеца цIалун ратила **«Чапар»** газеталъул гьурмаздасан.

Дагьал церег1ан къояз, росдал г1адамаз х1ухьбахъизе гьабураб паркалда цебесан гьабуна, бетонги т1ун, тротуар. Гьеб х1алт1иялъулъ жигараб г1ахьаллъи гьабуна, администрациялъул бет1ер Х1ажи Х1ажиевасул бет1ерлъиялда,- Арсен Баймурадовас, Багьавдин Ислаевас, Юсуп Абаевас, Т1агьир Г1алиевас, Тимур Г1абдулх1акимовас, Исх1акъ Мансуровас, Камиль Мух1амамирзаевас, Эмеч Мусалаевас, Темирби Абут1алибовас, Сулайман Билаловас ва цогидазги.

Гьоркьоса къот1улеб гьеч1о парк берцин гьабиялда т1ад гьабулеб х1алт1иги. Гьедин, культураялъул Рукъалъул директор Пат1ибика Саладихановалъул ах1иялда рекъон, росдал г1адамаз паркалда ч1езе рач1ана бат1и – бат1иял т1угьдул. Гьел ч1еялъе ракь бекьана Арсен Саладихановас, бак1 х1адурана лъималазул ахалъул х1алт1ухъабаз, т1угьдул ч1ана Мадина Саладихановалъ, Х1айбат Г1амиевалъ ва цогидазги.



Т1угьдул ч1арал клумбаби хасаб хал кквеялде росана - Алита Шапиевалъ, Сапият Мух1амадовалъ, Лайла Хажиевалъ ва Мадина Саладиновалъ.

Лъалаго хисулеб буго росдал гьумер. Мекъи ккеларо, Х1ажи Х1ажиевас, к1вах1тун, гьабулеб х1алт1ул х1асил гьеб кколин абуни.

Гьеле нилъеда бихьула, ракI унтун гьабураб хIалтIиялъ кьолеб хIасил.

Г1адада абулеб бук1ун гьеч1о умумуз **«Рак1унтун г1одани, бецаб бадисанги маг1у чвахула»,-** ян.

*Пат1имат МУХIАМАДОВА, Калининаул росу.*

# Алмахъалде - т1абигIияб газ



МахIачхъалаялда бугеб, жиндир Генералияй директорлъун Салидат Меджидова кколеб **«Экострой»** гIуцIиялъ Буртунаялдасан Алмахъ росулъе тIабигIияб газ бачунеб буго.

Гьенир хIалтIулел руго сварщикал: ХIасан ХIасанов, Адильхан Самдинов ва слесарь Артур Аджиев.



Гьез дагьаб заманалда жаниб, 1,5 км. манзилалда, рогIрал т1ад лъолел стойкаби ч1езаруна. Гьезда ракIалда буго, гьава-бакъалъул рахъалъ квал-квал ккечIони, рехсараб манзилалда рогIрал цоцазда регьезе ва хIалтIи цебехун бачине.

*Камиль Абубакаров, Буртунай росу.*

# ХIадурлъи - лъикIаб

*Живго цIуниялда тIад хIалтIулев Аллагьасги цIунула.*

*(Халкъияб аби).*

Нилъ нугIзаллъун руго заман анагIан тIабигIат хисулеб букIиналъе ва гьелъул хIасилалда дунялалда кколел ругел балагьал ишазе. Ахирияб заманалда цIикIкIунел руго гIадамазул гIайибалдалъун кколел балагьал ишалги. Гьединлъидал, нилъеда тIадаб буго гьез кьолел заралал кIванагIан дагьлъизариялда тIад хIалтIизе. Дунялалда ругел пачалихъазда бицунеб, бихьизабулеб ва малъулеб буго гьединаб лъугьа-бахъиналда инсанас жиндирго гIумру цIуниялъе щал тадбирал гьаризе кколелали.

Гьелдабан, тIолабго Россиялда унеб буго Гражданияб оборональул ругьунлъиялъул кIиабилеб этап. Гьелда сверухъ хIалтIи гьабулеб буго нилъер районалдаги.

Ругьунлъиялъул хIалтIаби гьарулезул пикруялда рекъон, батIи-батIиял гIуцIабазда тIоритIулел руго гIадамал ва гьезул буголъи балагьал ишаздаса хвасар гьариялъе гьаризе кколел тадбиразде хIадурлъиял

*ПРЕССЛУЖБА.*

# ТалихIаб къисматалъул инсан




ТIаде балагьун бечедаб, аваданаб, гвангъараб бугин кканиги, гIемерал гьечIо гьаб жакъасеб гIумруялдаги, гIумруялъ жиндие кьураб къисматалдаги разиял гIадамал. Пиллабиги гьелъие руго жив-живасул батIи-батIиял, жинди-жиндие хасиятал. Аслияблъун рикIкIине бегьула гьабсагIаталда хIукуматалда ва гьелъул бутIрузда гьоркьоб бугеб хIалуцин, цоцазда ричIчIунгутIи, кьучIаб, цо кквараб хIал нилъер гьитIинаб мугIрул улкаялдагицин гьечIолъи, метерисеб къоялде божилъи гьабизе хIинкъулел рукIин.

Гьорлъе ракканагIан гъварилълел гIузрабазул бицинчIого, бицинин цоцо лъикIал гIадамазул лъикIал ишазул хIакъалъулъ.

ПезегIанго сонал рукIана гIагараб Казбек районалъул поликлиникаялде яккичIого. Дагьал церегIан къояз дирго ишалъ гьение щун, кабинеталъуса кабинеталъуе хьвадулей дида, гьимулаго, данде ячIана цеекккун киданиги дун жиндихъе хъулухъалъ ккун йикIинчIей, берцинаб гьумералъул, гIодобиччараб хIеренаб каламалъул хIалтIухъан. ГIажаибго рекъон букIана гьелда хъахIаб халгIатги, тохтурасул тIагъурги, эгъе борхарал туфлабиги. Гьей йикIана поликлиникаялъул кIудияй медсестра Зубайриева ПIазра. Салам кьун аскIоеги ячIун, гьелъ мурад щиб кколебан цIехана ва къокьабго заманалда жаниб дир хъулухъги тIубан, разияб гьимиги сайгъат гьабун, цогидал унтаразухъ гIенеккизе ана.

ГьитIинаб рохелалъ бохулеб, ургъелалъ къварилълеб, загIипаб жо буго инсанасул ракI. ХIисаб гьабураб мехалда, кинавгIаги медициналъул хIалтIухъанасул тIадаб иш ккола унтарасдехун берцинаб бербалагьи гьабиги, гьесухъ кIвар кьун гIенеккиги, кколеб кьагIидаялъ гьесие дару гьабиги. Амма щаялиго, гьединал хъахIаб халгIаталъулал дандчIвараб мехалда, нилъеда гьеб цо гIажаибаб, букIунареб жолъун кколеб буго. Лъаларо, гIадамалищ яги жибго дунялищ хисун бугебали.

1981 соналъ Буйнахъскиялъул медучилище лъугIарай дилималдаса гIолилай ПIазра Зубайриева, гьебго соналъ, хIалтIизе лъугьана районалъул централияб больницаялде. Чанго соналдасан гьелда божилъи гьабуна районалъул поликлиникаялъул кIудияй медсестраялъул хIалтIи ва жакъа къоялъги хисичIого йиго гьеб бокьулеб ишалда. ЛъикI букIуна чияс хIалтIи гуреб, хIалтIуца живго махщалилав валагьараб мехалда. Цее чIезайизе захIмат буго ПIазра цоги батIияб хъулухъалда, батIияб хIалтIуда нахъа. Кидаго разияй, рарал сонахъ балагьичIого, гIолохъанай гьей, байрамалде гIадин, гьирагун ва жангун ячIуна жиндирго кIиабилеб рукъое.

ТалихIаб буго ПIазрал хъизанги. ГIумрудул гьудул Башир Зубайриевасгун цадахъ гIезабуна ва гIумруялъ битIараб нухде тIобитIана лъабго лъимер, кьуна гьезие тIадегIанаб лъай. Васги кIияйго ясги хIалтIулел руго жидерго махщалида рекъон.

**«Нижер хъизаналда гIемерисел руго медициналъул хIалтIухъаби, гьединлъидал, дун киданиги ургъичIо кие цIализе иней, щиб махщел бищилеб абураб суалалда тIад. Дихъе рачIарал унтарал разиго нахъруссун унелъул рекIее букIунеб рохел сунда данде кквезе бегьулебали лъаларо дида. ГIадада гурелъул нижеца бан бугеб Гиппократил гьа.**

**Киданиги букIинчIо тIадчагIазулгунги цадахъ хIалтIулезулгунги рагIи данде ккунгутIи. Ниж кидаго рукIана ва руго цоцае рокьулел ва цоцазул адаб-хIурмат гьабулел цо хъизаналъул гIадамал.**

**ЦIалула газетал-журналал «Дагъистаналъул медицина», «ХIакъикъат», «Чапар» ва «ЗОЖ». Бокьула адабият, хасго кIудияв Расул ХIамзатовасул кучIдул.**

**Дир мурад буго нижехъе рачIунел гIадамал дагьлъи, ай, унтарал дагьлъун, сахал гIемерлъи. Сахлъи буго инсанасул бищун кIудияб бечелъи. Биччанте гьеб бечелъи лъазе нилъер щивасда»**, - ян кьокьаб жаваб гьабуна ПIазраца нижер суалазе.

Гьелъул хIалтIуе хIукуматалъул, районалъул администрациялъул ва бакIалъулаб идараялъул рахъалдасан лъикIаб кьимат кьейлъун ккола **«Дагъистаналъул мустахIикъай медициналъул хIалтIухъан»**, **"ТIадегIанаб категориялъул медсестра"** абурал цIарал, 22 батIи-батIиял ХIурматалъул грамотаби ва гIемерал цогидалги шапакъатал. РакIалде ккола бищунго хирияб шапакъатлъун ПIазра ПIабдулмажидовналъе бугин жинца хъулухъ тIубарал унтаразул баркалаги гьезул разилъиги. Дирго рахъалдасан ракI-ракIалъулаб баркала гьелъие кьезе бокьун буго гьадинал рагIабаздалъун:

***ЛъикIлъиги берцинлъиги борцун Аллагьас кьурай,***
***ХIеренлъиги гIакълуги гIунги тIасан ккун щварай,***
***Разилъи гьурмадаса тIагIине биччаларей,***
***ГIадамаздехун адаб абадиялъ рехичIей.***

***АнцIила микьилъ кьураб узданлъи чорхол хвечIей,***
***Херлъиялде квер хьвагIун, гIолохъанлъи цIунарай,***
***ГIелцоял лъухъал хьитаз хьвагIезе гьарулелъул,***
***Рорхатал чакмабазда, чанил тIинчI гIадин, уней,***

***Хъулухъ цIикIкIараб щунан щибго гIамал хисичIей,***
***ЧIухIун, тIасан гIодое гIадамахъ ялагьичIей,***
***ГьайбатаБ гIумруги кьун, гIумрудулъ талихIги кьун,***
***Рокьанщиналгун цадахъ таги мун дуняялда.***

*П. ГЕРЕЕВА.*

*СПОРТ - ИНСАНАСУЛ САХЛЪИ*

# Лъик1ал х1асилал рихьизаруна




13-14 октябралда Махlачхъала шагьаралъул, Елена Исинбаевалъул цIаралда бугеб стадионалда тIоритIана тIадагьаб атлетикаялъул къецал. Республикаялъул бетIерасул Кубокалъе гIоло тIоритIарал гьел къецазда гIахьаллъана шагьараздасагун районаздаса 39 команда. Гьезда гьоркьоб букIана нилъер районалъул командаги.

Къецазул хIурматиял гьалбазда гьоркьов вукIана нилъер районалъул бетIер ХI.ХI.Мусаевги.

100 метралъ рекерарал бихьинал-ветераназда (35-39 сон) гьоркьоб лъабабилеб хIасил (12,6 сек.) гьениб бихьизабуна физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъул ва гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул хIалтIухъан Эльдар МухIамадгIазизовас.

Ядро рехарал руччаби- ветераназда (35-39 сон) гьоркьоб бищунго лъикIаб хIасилалъул (9м.68см.) бетIергьанчIужулъун гьений яхъана Хасавюрталда яшав гьабун йигей нилъер ракьцояй Саида Мирзабекова.

*И.БУЛАТХАНОВ.*

***Дин ва г1умру***

# Суалал ва жавабал

**Аллагьасул ц1арги бахъун, рос гьедани, гьа т1убазабизе ккола, т1убач1они, гьаялъул кафарат бахьизе ккола.**

**Суал: Лъадуда щакдаризе ихтияр бугищ росасул?**

Жаваб: Гьеч1о. Щакдари ккола гьеч1еб жо бугилан ккей. Гьелъул росасеги лъадуеги к1иязего зарал буго. Щакдариялъ рачуна рос-лъади квешаб ахиралде. Салат валам лъеяв Мух1амад Аварагас Щакдариялъ рачуна рос-лъад салам лъеяв Мух1аммад Аварагас гьукъараб буго лъадул х1алал рихьизе,хас гьабун,гьелда хадуб халкквей ч1езабиги. Амма лъадул хиянатги бихьун, бихьич1еб хвелги гьабун ч1арасе, Аллагьас наг1анаги кьун буго.

**Суал:Бихьиназда гьоркьоб кинаб гьудуллъи лъик1аблъун рик1к1унеб?**

Жаваб: Гьудуллъи ккола к1иго муъминчиясда гьоркьоб бук1унеб вацлъиялъулаб бухьен. Гьудул вук1ине ккола г1акьилав, г1амал берцинав, иман бугев, квермекълъи гьеч1ев, гьереси бицунарев, рек1к1 гьабуларев. Гьудуласе мунги гьединавлъун вук1ине ккола, гьесул ургъел гьабизе ккола, гьесул къварилъи бихьизе ккола бащдаб ккун хинк1 кьезе кканиги, гьев рескъот1ун тезе бегьулароь, гьесул хъизан – яс - яцлъун рик1к1ине ккола, гьев хвани, гьесул бесдалазул миллат гьабизе ккола.

«Г1адалав гьудуласдаса, г1акъилав тушманго лъик1» абураб г1араб кициги бич1ч1изе ккола.

«Гьудул каки - мунго каки» абураб аби умумузулго бук1араблъиги рак1алда ч1езе ккола. Умумузул «нух хисарав» гьудуласда хадувги ине ккоιаро.

***

***Гьудуллъи бук1уна дур гьудуласул***
***Гьереси бицунеб г1амал гьеч1они.***
***Г1аданлъи хут1ула, мун хириясда***
***Хиянат бихьизе толеб гьеч1они.***

*«Ункъбок1онал ч1инхал».*

Районалъе нухмалъулез, гьудул- гьалмагълъиялъ, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго Беркиханов Беркиханида ва т1олабго г1агарлъиялда,-эбел

**Г1айшат**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан. Алжан насиблъаги гьелъие.

Париза Гереевалъ зигара балеб буго Беркиханов Беркиханида ва т1олабго г1агарлъиялда,-эбел

**Г1айшат**

г1умруялдаса ят1алъиялда бан. Алжаналъул агьлулъун гьаеги гьей.

БетIерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94
Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95

Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Сапият СултанмухIамадова
Фотомухбир: Насрудин Абужанатов

Набор: Меседо ХIайбаева
Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.
Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.

Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Саид-Афандил къват1,2
Индекс: 51354
Заказ №140 Тираж 1300
Багьа - 8 гъур.

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола